

# KISA POU FÈ SI LAPOLIS KANPE W

Nou tout rekonèt nesosite pou fè respekte lalwa yon fason efikas, men nou dwe konprann tou pwòp dwa nou ak responsablite nou yo — espesyalman nan entèraksyon nou ak lapolis la. Kat sa a di ou sa pou w fè si yon polisye ta kanpe w, kesyone w, arete w oswa si w ta blese pandan yon altèkasyon ak lapolis ak kijan pou depoze yon plent.

Pou Depoze yon Plent pou Move Konduit yon Polisye nan Vil New York: Kontakte Komite pou Analize Plent Sivil (Civilian Complaint Review Board) la lè w rele 311 oswa lè w vizite [www.nyc.gov/html/ccrb](http://www.nyc.gov/html/ccrb).

## KONNEN DWA OU GENYEN YO



### SI OU GEN YON ENTÈRAKSYON AK LAPOLIS, OU KA PWOTEJE TÈT OU.

1. Sa w di lapolis toujou enpòtan. Yo ka itilize tout sa ou di kont ou.
2. Se dwa w pou w pa pale. Pou egzèsè dwa sa a, ou dwe di lapolis: "I would like to remain silent" (Mwen vle rete an silans).
3. Ou pa janm oblije bay konsantman pou yo fouye w, fouye afè pèsònèl ou yo, machin ou oswa kay ou. Nan Vil New York, lalwa oblije lapolis pou li enfòme w lè y ap mande konsantman w pou yo fè yon fouy epi fè w konnen ke ou gen dwa refize. Si ou dakò pou yo fè yon fouy, sa ka afekte dwa w annapre nan tribinal la. Si lapolis di ke yo gen yon manda pou pèkizasyon, mande pou wè li. Si yo pa fè sa, di "I do not consent to this search" (Mwen pa dakò pou fè fouy sa a). Lapolis pa ka arete w oswa ba w yon tikè jis paske w refize bay konsantman w pou yo fè yon fouy. Sa ka pa anpeche fouy la fèt, men li pral pwoteje dwa w si w oblije ale nan tribinal.
4. Pa entèfere ni kanpe an kwa ak lapolis—yo ka arete w paske w fè sa.

### SI YO KANPE W, YO KESYONE W AK/OSWA FOUYE W:

1. Lapolis kapab kanpe w epi kenbe w nan gadavi pou yon ti tan sèlman si yo gen bon rezon pou kwè w te komèt, w ap komèt oswa ou pral komèt yon krim.
2. Ou dwe mande si ou an eta darestasyon oswa si w lib pou w ale.
3. Nan New York, ou pa oblije pote yon pyès idantifikasyon sou ou, epi ou pa oblije montre li bay yon polisye. Sepandan, si yo konvoke w oswa arete w epi w refize bay yon pyès idantifikasyon oswa di polisye yo ki moun ou ye, lapolis ka kenbe w nan gadavi jiskaske yo ka idantifye w kòrèkteman.
4. Nan New York, si polisye yo ap mennen ankèt sou aktivite kriminel, yo oblije idantifye tèt yo epi fè w konnen rezon entèraksyon an. Si yo pa arete w oswa yo pa ba w yon tikè, polisye yo oblije ba w yon kat vizit apre entèraksyon w ak li. Kèlkeswa sikonstans yo, sof si yon polisye ap reponn ak yon sitiyasyon ijans, lalwa lokal egzije pou tout polisye bay pyès idantifikasyon ak kat vizit yo lè yo mande yo.

5. Pa pale mal ak yon polisye oswa kouri sove, menm si ou panse sa k ap pase a pa rezonab. Sa ka mennen nan arestasyon ou.

### SI YO KANPE W NAN MACHIN OU:

1. Si yo mande w, montre lapolis lisans chofè w, kat imatrikilasyon ou ak prèv asirans ou. Nan sèten ka, yo ka fouye machin ou san yon manda. Pou pwoteje tèt ou annapre, ou ta dwe deklare ke ou pa dakò pou yo fè yon fouy.
2. Si yo sispèk w ap kondui pandan ou sou, yo pral mande w pou w pran yon tès alkòl ak kowòdinasyon. Si w pa pase tès yo oswa si w refize pran tès yo, y ap arete w, yo ka sispann lisans chofè w, epi yo ka sezi machin ou an.
3. Si yo arete w, y ap fouye machin ou.

### SI LAPOLIS VINI LAKAY OU:

1. Lapolis ka antre lakay ou san pèmision w si yo gen yon manda oswa si se yon ijans. Si lapolis di ke yo gen yon manda, mande pou wè li. Verifye pou asire w manda a gen adrès ki kòrèk la.
2. Si yo arete w lakay ou oswa nan biwo w, lapolis ka fouye w epi fouye zòn ki ozalantou w oswa kote ki gen prèv aktivite kriminel ki vizib.

### SI YO ARETE W OSWA YO MENNEN W NAN YON KOMISARYA POLIS:

1. Ou gen dwa rete an silans epi ou gen dwa pale ak yon avoka anvan ou pale ak lapolis. Pa di lapolis lòt bagay ke non w ak adrès ou. Pa bay eksplikasyon, eskiz oswa istwa. Ou ka prezante defans ou pita, nan tribinal, selon sa ou menm ak avoka ou panse ki pi apwopriye.
2. Si w gen yon avoka, mande pou w wè avoka w imedyatman. Si w pa kapab peye yon avoka, ou gen dwa pou w jwenn yon avoka gratis yon fwa ke ka w la ale nan tribinal. Ou ka mande lapolis kijan pou kontakte yon avoka. Pa di lapolis anyen san w pa pale ak yon avoka anvan.
3. Nan yon tan rezonab apre arestasyon w oswa detansyon w, ou dwe mande lapolis pou kontakte yon manm fanmi oswa yon zanmi. Si yo ba w pèmision pou fè yon apèl telefonik, yo ka anrejistre oswa koute tout bagay ou di nan pòs polis la. Pa janm pale sou enfòmasyon sou ka w la nan telefòn.

4. Pa pran okenn desizyon sou ka w la ni pa siyen okenn deklarasyon anvan w pale ak yon avoka.

### KISA POU FÈ SI LAPOLIS KANPE W

- Rete kalm epi kontwole mo w, langaj kò w ak emosyon w.
- Pa fè diskisyon ak lapolis.
- Pa janm pale mal ak yon polisye.
- Sonje ke yo ka itilize tout bagay ou di oswa fè kont ou.
- Kenbe men ou kote lapolis ka wè yo.
- Pa kouri.
- Pa manyen okenn polisye.
- Pa reziste, menm si ou kwè ou inosan.
- Si w ap plenyen sou sèn nan oswa si w di lapolis yo fè erè, fè sa san konfwontasyon pou li pa agrave sitiyasyon an.
- Pa fè okenn deklarasyon konsènan ensidan an.
- Si yo arete w, mande pou w wè yon avoka imedyatman.
- Sonje nimewo badj ofisye yo, nimewo machin patwouy yo ak deskripsyon fizik yo.
- Ekri tout sa ou sonje pi vit posib.
- Eseye jwenn temwen ak non yo ak nimewo telefòn yo.
- Si ou blese, pran foto blesi yo pi vit posib, men asire w ke ou jwenn swen medikal anvan. Mande kopi dosye tretman medikal ou resevwa yo.

**NYCLU**

ACLU of New York

[www.nyclu.org](http://www.nyclu.org)